# 1990-ЖЫЛЛАРДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ПОВЕСТЛЕРИНДЕ ТАРИЙХЫЙ ТЕМАНЫҢ КӨРКЕМ СӘЎЛЕЛЕНИЎИ

**Бекбергенова Зияда Утеповна**
*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис*

Ғәрезсизлик жыллары дөретилген қарақалпақ повестлерин көзден өткерип қарағанымызда, социаллық турмыс мәселелерин сүўретлеўши заманагөй темадағы повестлер менен бирге ҳүжжетли ҳәм тарийхый темаларға арнап бир неше повестлердиң пайда болғанлығын гүзетемиз. Әлбетте, бул қубылыс жазыўшыларымыздың күнделикли турмыс машқалаларына арналған повестлердиң қатарында жақын ҳәм алыс өтмиш ўақыяларын сүўретлеўге де кеўил бөлгенлигинен дәрек береди.

Мысалы, С.Баҳадырованың «Тумарис ҳәм Кир» повестинде алыс өтмиш тарийхымызда ерлик ислери менен даңқ таратқан мәрт патша ҳаял Тумаристиң исмине байланыслы дөретилген тарийхый ҳәм әпсаналық дереклер көркем айланысқа түсирилген болса, Ә.Пахратдиновтың «Айдос бий ҳаққында әпсана» повестиниң атамасынан көринип турғанындай, жазыўшы халық аўзындағы аңыз-әпсаналарға жан ендирип, Айдос бийдиң драмалық ҳәм трагедиялық өмирин сәўлелендиреди. Ал, Е.Үсеновтың «Ханмақсым» повестинде де жақын өтмиш тарийхымыздыңаласапырынлы жылларындаөмир сүрген ийшан уламалардың тәғдириниң бүгинги әўладларға қупыя тәреплери қызықлы сүўретленеди.

Өзбекстан қаҳарманы, талантлы шайыр И.Юсуповтың өткен әсирдиң 1970-жыллары «Тумарис» поэмасын дөреткенлиги көпшиликке жақыннан мәлим. Ал, жазыўшы С.Баҳадырова«Тумарис ҳәм Кир» [Баҳадырова С., 1999] повестинде Тумариске тийисли тарийхый ўақыяларды прозалық шығармалардың талапларынан келип шығып көркем сәўлелендириўге ҳәрекет етеди. Жазыўшы бул повестиниң кең эпикалық сюжетине қол урмастан бурын тарийхый ҳәм әпсаналық дәреклерди терең үйренгенлиги ҳәм өз илҳам елегинен қайта өткерип узақ өтмиш ўақыяларына жан ендирип бүгинги китап оқыўшысына дөретиўшилик пенен көркемлеп жеткерип береди. Повесттиң темасынан көринип турғанындай, жазыўшы барлық ўақыяны бастан-аяқ, баслы қаҳарманлар Тумарис ҳәм Кир әтирапына жәмлеп бериўге умтылған. Яғный, повестте орайлық фигура есапланған массагетлер патшасы Тумаристиң мәртлик ислери менен баҳадырлығы аналық меҳир-муҳаббаты менен қарысып сүўретленсе, ал, оның қарсыласы Кирдиң басқыншылық ҳәрекетлери менен ҳийлекерлиги параллель рәўиште ашылады. Повесть ўақыялары бир неше бөлимлерге бөлинип көбирек автор тилинен эпикалық усылда баянланған.

Автор ҳәр бир бөлимге өтпестен алдын ертедеги Авесто естелигинен ҳәм халық аңыз-әпсаналарынан алынған ибратлы ҳәм даналық сөзлерден эпиграф сыпатында пайдаланып барған. Бул усыл әлбетте, повесть ўақыяларының аўызеки ҳәм жазба материалларға оғада бай екенлигин аңлатады. Повесттеги аўызеки ҳәм тарийхый жазба дәреклерден алынған айырым сюжетлер менен деталлардың тарийхый дәўир қаҳарманларының характерин ашыўда жәрдемши хызмет еткенлигин көремиз, және де, жазыўшы повесттиң айырым орынларында Тумарис ҳәм Кир ҳаққындағы ўақыяларға лирикалық шегинис жасап Сирия тәңири Деркеттиң қызы Симма тәрбиялаған әжайып қыз Семирамида туўралы ҳәм Мидия әскербасы Стриангей ҳәм саклардың ҳаял патшасы Зарина ҳаққындағы әпсаналарды гүрриң етеди. Бул арқалы автор ерте заманлардан баслап-ақ ҳаяллар басқарған патшалықтың ҳәм батыр қызлар ҳәрекетлериниң ҳүким сүргенлигин дәлиллемекши болады. Бул ҳаққында да, жазыўшы: «Мен Тумарис ҳаққында повесть жазаман деп ойламаған едим. Бәри ойламаған жерден болды. Москвада Ленин китапханасында докторлық диссертациямды жазып атырған едим. Көп китапларды көрип отырсам «Қырық қыз» дәстаны ҳаққында, әййемги амазонкалар, әййемги массагетлер, әййемги ҳаяллар патшалығы, ахаменидлер патшасы Кирдиң геллесин алған Тумарис, оларды жазған Геродот ҳаққында илимпазлардың жазғанлары алдымнан шыға берди, шыға берди. Буннан алдын да усы мағлыўматларды талай рет оқығанман. Булардың барлығы мениң ата-бабаларыма қатнасы болғанлықтан, оған қайрылмай кете алмас едим. Бир күни қандайда күш мени жазып отырған докторлық диссертациямды ысырып таслатқызды. Геродоттың тоғыз томлық «Тарийх» китабын фондтан алдырттым. Сондағы ойым Геродот шынында да Тумаристи, массагетлерди жазған ба, әййемги греклер бизлер тәрепке келген бе, қалай жазған, соларды өз көзим менен көргим келди» [Баҳадырова С., 2018. 76-77]. Мине, усылайынша, жазыўшы Геродоттың мийнетин оқып, жақыннан танысып шығып, Тумарис ҳаққында айтылған жерлерин, оннан соң, Ктесий, Страбонның мийнетлери менен де танысып, ата-бабаларымызға тийисли орынларын көширип, конспектлеп алады. Жазыўшының бул материалларды оқып, танысқан ўақытлары әйне 1985-87-жыллары докторлық диссертациясын ислеп атырған пайытларына туўра келеди. Докторлық диссертациясын 1987-жылы жақлағаннан соңда «Тумарис» ҳаққында жазыў ойы жазыўшыны ҳасла тәрк етпейди. Тумарис ҳаққында жазыў аңсат емеслигин, оған көп ўақытларға шекем жүрек ете алмай, изленип, толғанғанлығын, әсиресе оның баласының азасында отырған ўақытын жазыўға қолы бармай қыйланғанлығын, ең аўыры ананың қайғысын жазыў екенлигинмойынлайды. Лекин, автор өзиндеги ишки қарама-қарсылықларды жеңип шығып: «Тумаристи жазбаў мүмкин бе? Ҳеш мүмкин емес. Оның образын дөретиў ушын дүнья бойынша қанша шайырлар,

жазыўшылар, художниклер өзиниң күшин сынап көрген, толғанған. Мине, Тумаристиң портретин сызған Европаның бир топар художниклери: Питер Пауль Рубенс (1577-1640), Андреа дел Кастагно, Александр Зик (1845-1907), Маттуа Прети (1613-1699), В.Юръев т.б» [Баҳадырова С., 2018. 77], – деген мағлыўматларды келтирип өтип, бул шығарманы жазыўға қол урады. Тумаристи биз «Қырық қыз» дәстанындағыбатыр қыз Гүлайым образының прототипидеп есаплаймыз. Жазыўшы «Ҳаял-қызлардың атын әскерий уран етип жаўға атланған ата-бабамның руўҳы (Акшолпан менен Арыўхан) мениң усы повестти жазыўыма бәлким жол силтеген шығар деп ойлайман» [Баҳадырова С., 2018. 77] деп жазады. Усы ойлар алымның 1997-жылы «Қырық қыз» дәстанына арнап халықаралық илимий-теориялық конференция өткизиўине де себепши болады. Жазыўшының бул повести дәслеп 1999-жылы «Әмиўдәрья» журналының 3-санында «Тумарис ҳәм Кир» деген ат пенен басылып шыққан болса, арадан он жети жыл өткеннен соң жазыўшы, дилмаш Музаффар Аҳмад тәрепинен бул повесттиң журнал варианты өзбек тилинеаўдарылып китап болып [Баҳадирова С., 2016] басылып шықты. Соңынан, жазыўшы С.Баҳадырова бул повестин қайта ислеп 2018-жылы «Тумарис» деген атама менен китап етип баспадан шығарды.

Тарийхый әпсаналар ҳәм дәреклерде Иран Ахменийлер патшасы Кир Орта Азиядағы еки дәрья арасындағы сак-массагетлер халқын өзине бағынышлы етиўге ҳәрекет еткен. Бирақ, Кирдиң сумлығын Тумарис сезип қалып оның усынысын мақул көрмейди ҳәм Кирге парахатшылық жолы менен изине қайтыўын мәсләҳәт етеди. Бул кеңести тыңламаған Кир массагетлерге қарсы урыс ашады. Урыс майданына шыққан Тумарис душпанына қарата: «Сен тынышлықты қәлемейсең, сол себепли кеңесимизге көнбей, массагетлер менен қарсыласыўды ойлайсаң, дәрьяға көпир соғаман деп әўере болып отырма. Бизге айтсаң, биз саған мәлел берместен, дәрьядан үш күнлик жолға көшип кетемиз, биймәлел дәрьядан өтесең, оннан соң жүзбе-жүз урысамыз. Егер, биз бенен дәрьяның сен турған жағасында урыспақшы болсаң, оны айт, буған да ыразымыз, тек нәмәртлик қылма», −дейди. Лекин, Кир ҳийлекерлик пенен Тумаристиң баласы Спарганиз басшылығындағы бир топар массагетлерди мәс етип қолға түсиреди. Тумарис буған ашыўланып: «Әй қанхор Кир, қылған исиң менен мақтанбай-ақ қой! Сен мениң улымды жүзбе-жүз урыста жеңгениң жоқ, оны алдап, шарап ишкизип қолға түсирдиң. Енди мениң кеңесим Кир, баламды маған тапсырып, келген жериңе зыянсыз қайт. Егер, сөзиме кирмесең, массагетлер тәңири Қуяш аты менен ант етемен, мен сендей жуўҳаны қан менен суўғараман» дейди. Кир бул сөзлерге қулақ аспайды, урыс даўам етеди. Тумарис басқарған массагетлер Кир әскерлерин жеңеди ҳәм оны өлтиреди. Тумарис Кирдиң геллесин қан менен толтырылған меске салады ҳәм өз

урысына жуўмақ жасайды: «Әй, нәмәрт, сен мени–урыста сени ҳадал жеңип шыққан бир ҳаялды мәккарлық пенен улынан айырып, перзент дағына күйдирдиң, сен өмириң бойы қанға тоймадың. Мен өз антымды орынлап, сени қан менен суўғардым. Биреўдиң журтына зорлық қылып басып киргенлердиң жазасы сол» [Геродот.,1972], –дейди.

Ҳақыйқатында да, бизиң эрамызға шекемги VI әсирде Иран шахлары (Ахменийлер) Орта Азияның көпшилик жерлерин басып алғанлығы мәлим. Кирге қарсы сак-массагетлер азатлық ушын гүрескен. Кирдиң әскерлери жеңилип, өзи урыс майданында өлтириледи. Усы ўақыя тийкарында дөреген Тумарис қаҳарманлық эпосы бизиң дәўиримизге келип жетпеген. Эпостың мазмуны грек тарийхшысы Геродоттың «Тарийх китабы»нда гүрриң етилген. Бул қаҳарманлық эпсананың тарийхқа қатнасы ҳаққында белгили алымлар С.П.Толстов, Я.Гулямовлар [Толстов С.П., 1948] ҳәм өзбек әдебиятшы алымы Н.Маллаев бириншилерден болып пикир билдиреди ҳәм «Тумарис эпосы Орта Азия халықларының шет ел басқыншыларына қарсы алып барған мәрдана гүресиниң көркем сәўлеси» [Маллаев Н., 1976, 49], − деп жазады.

Жазыўшы бул повестинде тарийхый дәўир ўақыяларын дөретиўде көркем ойлаў ямаса фантазиялық ойлаў имканиятларынан шеберлик пенен пайдаланған. Әлбетте, бунысыз автор толық мазмундағы типик қаҳарман образын жаратыў қыйын екенлигин терең сезинген. Сонлықтанда, повесттеги Тумарис, Кир, Спарганиз (повестте Спарангиз – Б.З.) образларының әдебий тип дәрежесине көтерилиўинде ядтан ойлап табылған образлардың, мысалы, Тумаристиң бас әскер басысы Крат, ақылгөйи Заридр, әскер басысы Оксиарт, аңшы жигит Панай, Кирдиң әскер басысы Кәмбиз сыяқлы тоқыма образлардың жәрдеми оғада үлкен.Бул персонажлар шығарманың бастан аяғына қатнаспаса да ўақыяның бир қәлипте тутас түрде избе-из раўажланып барыўында, анығырағы жазыўшының  идеясын өз мақсетине жеткерип бериўде шешиўши хызмет атқарады.

Повестте жазыўшы әййемги сак-массагет қәўимлериниң турмыс-тәризин, үрп-әдет дәстүрлерин, ески инанымлары менен түсиниклерин көркем сәўлелендириўде бизиң эрамызға шекемги VII-VI әсирлерде Орта Азия, Иран ҳәм Әзербайжанда кеңнен тарқалған зороастризм дининиң муқаддес китабы болған Авестоға сүйенгенлиги ҳәм ески ай атамалары (митра, апанам, упхан айлары) менен тәбият көринислерин сүўретлеўге айрықша дыққат аўдарғанлығы үлкен қызығыўшылық туўдырады және де массагетлер пайдаланған қурал-жарақлар, әскерий урыс өнери менен олар жайлаған мәкан жерлер, қоңсылас отырған еллердиң географиялық атамалары да сол дәўирге мас рәўиште сәўлеленип китап оқыўшысын ерксиз түрде узақ өтмишке жетелейди.

Повестте Тумарис образының жетискенлиги сонда– ол өз халқының ғәрезсизлиги, азатлығы, тынышлығы менен абаданлығын сыртқы душпанлардан мәртлерше қорғаған баҳадыр ҳаял патша образында қалып қоймаған. Ол алдаўлықта Кирге бенде болып қолға түскен баласы Спарангистиң дәртинен баўыры күйип күл болған жапакеш ҳаял образында көбирек сәўлеленген. «…Ана бийшараның жүреги елжиреп, жер баўырлап жылағысы келеди, ол мүмкин емес, бар даўысы менен өкирип алғысы келеди, бетлерин жулып, шашларын жайып, жер дастанып бар даўысы менен жер дүньяны гүңирендиргиси келеди, бирақ патшаға ол мүмкин емес. «Алдымда жүрсең айбатым, кейнимде жүрсең ғайратым, қулыным, тулпарым, бүркитим, көкке ушсам қанатым, жерде жүрсем тирегим, жаным балам, душпан қолында қандай күйде екенсең, тириме екенсең?», −деп емиренеди ана жүреги. Бирақ, Тумарис ишиндегини сыртқа билдирмеди» [Баҳадырова С., 1999. 31]. Повесттеги Тумарис образы бойына мойымас күш-жигерди жыйнаған ҳәм өз перзентине болған меҳир-муҳаббатты жәмлеген шығыс ҳаялларының батырлық тымсалы. Ол өз душпаны Кирге қарата:

«– Мен сени нәмәртлик етип абайсызда, я алдап қолға түсирип дар арқаны астына апармайман. Сиз урыс излеп келдиңиз. Қәне шық саўашқа, екеўимиз алысамыз! Елимди ўайран еттиң, тыныш отырған халықты жылаттың, жеримниң бетин қызыл қанға боядың. Суў орнына адам қанын суўдай ағыздың. Баламды қурбан еттиң, жалғыз жигербентимнен айырдың. Саған тек өлим миясар. Оны да мен ислеўим керек! Тумарис қәҳәрге минди. Ол Кир менен алысыўдан-ақ, қылышын бир силтегенинде Кирдиң геллеси топтай домалап ушып түсти» [Баҳадырова С., 1999. 39-40].

Повесть соңында Тумарис массагетлер ҳәм Күн тәңири алдында берген антын орынлап Кирдиң қалайынша өлгенлигин келешек әўладқа жеткерип бериўин нәсият етеди.

Усылайынша, повесттиң көпшилик орынларында, ҳәттеки жуўмағында да автордың көз-қараслары анық рәўиште көринип турады. Бунда жазыўшы, ҳаял патшаның басқа еллерди жаўлап алып қан төгиўлерден гөре парахат жол менен келисиўди ҳәм жаўызлықтан гөре тыныш татыў турмыс кешириўди мақул көргенлигин, қаҳарманның диалог ҳәм монологларында, ишки ой-кеширмелеринде шеберлик пенен иске асырған.

Тумаристиң ҳаял ҳәм ана ретинде урысты жек көргенлигин ҳәм сак-массагетлердиң басқа еллерге биринши болып урыс ашқанлығы тарийхта сийрек ушырасатуғынлығын бүгинги жергиликли тарийхшыларымыздың мийнетлеринде де көремиз [Базарбаев Р., 1999. 69-70].

Солай етип, жазыўшының булповести әййемги сак-массагетлердиң турмыс тәризи менен жасаў жағдайын ҳәм ҳәр қыйлы ырым, үрп-әдет дәстүрлерин кең эпикалық бағдарда көркем сәўлелендирген.

Әлбетте, бул шығарманы оқыў арқалы биз халқымыздың тарийхын, миллий идея, идеологиясын қайта жетилистириўде көркем шығармалардың әсиресе тарийхый шығармалардың орны ҳәм әҳмийети үлкен екенлигин терең аңлап жетемиз.

## ӘДЕБИЯТЛАР:


1. Баҳадырова С. Тумарис ҳәм Кир // «Әмиўдәрья» журналы, 1999. – №2,3.
2. Баҳадырова С. Тумарис. – Ташкент: Навруз, 2018.
3. Баҳадирова С. Тумарис. Қисса (Музаффар Ахмад таржимаси). – Тошкент: Ўзбекистон, 2016.
4. Базарбаев Р. Бизиң арғы тегимиз массагетлер ким болған? // ӨзРИА ҚҚБ «Хабаршысы», 1999. – №3.
5. Геродот. История в 9 х книгах. – Л., 1972.
6. Толстов С.П. По следам древнех Хорезмской цивилизации. 1948.
7. Маллаев Н. Ўзбек адабиёти тарихи. – Ташкент: Ўқитувчи, 1976.
8. Юсупов И. Тумарис ҳам басқалар. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1974.